



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
EKITE AK BYENNÈT

Enfòmasyon sou Sante Elèv ak Konsantman Paran/ Responsab pou Sèvis Sante Lekòl

Paran/responsab dwe ranpli fòm sa a epi retounen l bay lekòl la pou ofri enfòmasyon sou sante elèv la ak pèmasyon pou elèv yo idantifye anba a resevwa nenpòt nan sèvis sante lekòl ki endike anba a. Yo dwe ranpli tout seksyon yo.

# Elèv la	Prenon Elèv la	Inisyal Dezyèm Prenon	Siyati	Sèks	Dat Nesans
Prenon Paran/Responsab		Siyati		Nimewo Telefòn	Relasyon avèk Elèv la

Jan F.S. 1014.06(1) egzige sa, paran oswa responsab legal dwe otorize sèvis swen sante yon pwofesyonèl sante oswa delege yo, bay pitit ou a sèvis sante, jan sa defini nan F.S. 456.001 ak 1006.062, si ta gen nesese pou tretman sa yo, pandan pitit ou a anba sipèvizyon lekòl la.

Lè sa nesese, sèvis sante ijans tankou premye swen, reanimasyon kadyopilmonè (CPR) oswa itilize yon defibrilatè eskstèn otomatik (AED) ap fèt jiskaske sèvis medikal ijans rive nan kanpis la.

Pou chak sèvis chwazi Wi oswa Non:

Sèvis swen sante enkli swen ak tretman pou maladi ak frakti: Wi Non

Wi - repons sa a ap otorize tretman sa yo ki enkli, men se pa sèlman, blezi oswa maladi grav yo rapòte oswa obsève pandan elèv yo lekòl la. Si w pa reponn sa vle di "non" pou tretman swen sante.

Non - repons sa a ap lakoz nou rele paran oswa responsab la pou yo vin chèche elèv la pou tout pwoblèm medikal. Sa ap fèt pou tout ka kote elèv yo santi yo malad, gen yon maltèt oswa aksidan tankou blese, grafouyen, boul, oswa kontizyon. Y ap rele EMS pou nenpòt sityasyon yo konsidere grav.

Elèv yo ap resevwa tès sante non-enzasif pou tande, eskolyoz, kwasans ak devlopman (BMI), vizyon ak dantè selon F.S. 381.0056(6)(e), sof si paran oswa responsab tcheke "non" nan kare anba a. ((Pèmasyon an valab jiskaske paran revoke l. Pou plis enfòmasyon, gade Manyèl enfòmasyon Elèv ak Fanmi Distri a.)

Tès pou tande: Wi Non

Tès Eskolyoz: Wi Non

Tès pou kwasans ak devlopman (endis mas kò): Wi Non

Tès vizyon: Wi Non

Tès depistaj dantè: Wi Non

Yo ofri pwogram *sodium fluoride* nan lekòl kote ki pa gen fliyò nan distribisyon dlo lokal. Wi ((pèmasyon an valid jiska klas 5yèm ane)
Mwen bay pèmasyon pou pitit mwen an patisipe nan pwogram *sodium fluoride* pou prevansyon kari dantè. Non

Alèji, Medikaman, Pwoblèm Medikal ak Enfòmasyon Doktè

Èske elèv la gen alèji mòtèl? Wi Non

Èske elèv la ap pran medikaman? Wi Non

Èske elèv la gen pwoblèm medikal? Wi Non

Si w reponn "Wi" nan nenpòt nan 3 kesyon sa yo, bay detay:

Èske elèv la gen yon rekòmandasyon pou sèvis sante mantal ki asosye ak yon ekspilsyon nan lekòl la, arestasyon ki lakòz akizasyon, oswa aksyon jistis jivenil? Wi Non

Asirans sante elèv la (tcheke tout sa ki aplikab) Medicaid Healthy Kids/Kid Care Prive Pa gen Asirans

Non Doktè a _____

Nimewo Doktè a _____

Sonje: Fòm sa a, anplis otorizasyon yon doktè, pou anplwaye klinik lekòl la oswa anplwaye lekòl la pou administre chak jou oswa jan sa nesese, preskripsyon oswa san preskripsyon, fè pwosedi medikal oswa bay tretman medikal.

Mwen konprann konsantman sa a ap rete anvigè jiskaske elèv ki endike anwo a transfere nan yon lòt distri lekòl, gradye oswa mwen endike alekri mwen vle anile konsantman sa a pou sèvis sante lekòl la.

Prenon Paran/Responsab ekri anlèt detache

Siyati Paran/Responsab

Dat